

## Kisa k ap rive apre mwen finn mande yon evalyasyon pou edikasyon espesyal la?

Lekòl la (oswa distri a) dwe reponn demand ou an pou yon evalyasyon nan 30 jou kalandrye avèk youn nan chwa sa yo:

- ◆ Pran yon pèmisyon alekri pou ka fè evalyasyon an. Anvan ou pran konsantman alekri w lan, ekip lekòl la ta dwe diskite avèk ou evalyasyon yo pwopoze pou fè yo. Lekòl la genyen 60 jou kalandriye yo apatide lè yo resevwa konsantman an, avèk kèk esepsyon, pou yo finn ranpli evalyasyon an.
- ◆ Bay yon refi fòmèl, alekri avèk yon eksplikasyon sou refi ki pou fè evalyasyon an.

Lekòl la (oswa distri a) ta dwe founi ou ak yon kopi epi eksplikasyon sou garanti nan pwosedi ou yo lè yo reponn a demann ou an.

## Kisa k ap rive si lekòl mwen an di ke mwen pap kapab etabli yon evalyasyon jiskaske "pwosesis" RtI la finn ranpli?

Si yo etabli yon evalyasyon, yo dwe ranmase done RtI yo egzije pou kalifikasyon an pandan peryòd 60-jou evalyasyon an. Yo pa kapab itilize RtI la pou yo refize oswa mete delè sou yon evalyasyon. Sòfsi lekòl la bay yon avi alekri sou refi, lekòl la dwe bay ou opòtinite pou bay konsantman sou evalyasyon an nan lespas 30 jou kalandriye yo.

## Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon sou MTSS, RtI ak evalyasyon pou edikasyon espesyal la?

Sistèm pou Sipò Milti-Nivo nan Florid la [Florida's Multi-Tiered System of Supports]  
[www.florida-rti.org](http://www.florida-rti.org)

Biwo pou Sèvis Elèv ak Edikasyon Eksepsyonal [Bureau of Exceptional Education and Student Services]  
<http://www.fldoe.org/academics/exceptional-student-edu/index.shtml>

Sant Nasyonal konsènan Repons pou Entèvansyon [National Center on Response to Intervention]

Kesyon ke Paran mande Souvan konsènan RtI la  
<http://www.rti4success.org>

National Center for Learning Disabilities  
[Yon Direktiv ki pou Paran konsènan Repons pou Entèvansyon](#)

Rezo Aksyon RTI – Resous pou Paran ak Fanmi yo [RTI Action Network – Resources for Parents and Families]  
<http://www.rtinetwork.org/parents-a-families>

# Enfòmasyon pou paran elèv yo k ap resevwa entèvansyon entansif




## Entwodiksyon

Gen kèk elèv ki bezwen plis sipò ki depase sa yo bay pou majorite elèv yo. Ti liv sa sa a bay paran yo enfòmasyon konsènan dispozisyon pou entèvansyon entansif ki nan yon sistèm Milti-Nivo nan Sipò (MTSS). Si pitit ou a bezwen sipò pou yon entèvansyon pi entansif pou li kapab reysi, yon ekip nan nivo elve (ki gen ladan paran yo) itilize done ak pwoblèm ki rezoud yo pou yo ka planifie yon entèvansyon daprè bezwen endividiyèl pitit ou an. Ekip sa a rasanble tou repons sou done nan Entèvansyon (Rtl) lan pou yo ka swiv pwogrè pitit ou an. Objektif yo pou rezoud pwoblèm yo ak Rtl la se pou yo jwenn sa ki ap travay pou pitit ou an.

### Ki sa m kapab atann si pitit mwen an bezwen entèvansyon entansif?

Si pitit ou an bezwen plis sipò akademik ak konpòtman, ou kapab espere bagay sa yo:

1. Yo dwe enkli ou nan pwosesis pwoblèm ki pou rezoud yo ak planifikasyon pou entèvansyon yo;
2. Yo dwe mete ou okouran de entèvansyon ke yo te aplike yo (egzanp, sa li te ye epi konbyen fwa ...);
3. Yo dwe enfòme w sou done ak grafik ke yo pral itilize pou kontwole pwogrè pitit ou an; epi
4. Pou ka resevwa rapò sou pwogrè kontwòl ki montre pwogrè pitit ou a ak Rtl.



### Ki sa rezoud pwoblèm yo ye?

Rezoud Pwoblèm yo se yon fason pou mande kesyon sou done yo. Ekip lan itilize pwosesis pou rezoud pwoblèm yo ak done pou elèv yo (Rtl) pou yo ka poze kesyon kle sa yo ki pou gide desizyon yo:

- ◆ Ki diferans ki genyen ant pèfòmans aktyèl la ak atant pitit mwen an?
- ◆ Poukisa diferans sa a rive?
- ◆ Kisa nou pral fè pou nou fèmen diferans sa a?
- ◆ Eske entèvansyon an travay?

### Kijan pou m fè konnen si pitit mwen an ap fè pwogrè?

- ◆ Yo va pataje avèk ou regilyèman siveyans sou pwogrè oswa done Rtl yo.
- ◆ Yo jeneralman pataje pwogrè sou done yap kontwole nan yon fòma grafik ki montre byen kouman pitit ou an reponn a enstriksyon ak entèvansyon ak si diferans ki genyen ant atant ak pèfòmans sou kanmarad ap fèmen.

### Kisa kap rive si pitit mwen an pa fè ase pwogrè?

- ◆ Yo va envite ou pou patisipe nan yon ekip ki pou eksploré poukisa pitit ou an gen difikilte epi kisa ki travay pi byen pou ede li.
- ◆ Ekip la ka ajiste entèvansyon an ki baze sou repons pitit ou an nan entèvansyon an, pandan yap itilize pwosesis pou rezoud pwoblèm yo ak kesyon kle yo.
- ◆ Li enpòtan pou sonje ke pitit ou an pral kontinye resevwa yon ansèyman epi ki sible, nan yon ti gwoup pandan w ap resevwa yon ansèyman entansif ki endividiyèl.



### Kouman itilizasyon Sistèm sou Sipò Milti-Nivo yo ka ede m konnen si pitit mwen an ka bezwen yon edikasyon espesyal?

- ◆ Repons pitit ou an nan Entèvansyon an pral ede detèmine bezwen li genyen pou yon ansèyman ki espesyalize. Si pitit ou an pa fè ase pwogrè apre li fin resevwa entèvansyon entansif ki efikas oswa li sèlman avanse paske li nan yon sipò trè entansif, sa ka vle di ke pitit ou an ka se yon elèv ki gen andikap.
- ◆ Nan MTSS, senpleman paske pitit ou an resevwa plis sipò sa pa vle di ke li se yon elèv ki gen yon andikap oswa li bezwen edikasyon espesyal

### Kisa m ka fè si mwen panse pitit mwen an ka bezwen yon plan edikasyon endividiyèl (IEP)?

Paran yo ka mande yon evalyasyon pou edikasyon espesyal nan nenpòt ki lè. Transmèt demand ou bay konseye an ki nan lekòl la, kowodonatè oswa administratè pou edikasyon elèv eksepsyonèl nan lekòl pitit ou an (ESE), oswa kontakte biwo ESE a ki nan distri a. Dokimante dat yo te fè demand la ak kiyès moun ki te resevwa l.

Pou kapab resevwa sèvis edikasyon espesyal yo, ki dokimante nan yon IEP, yon elèv dwe satisfè kritè pou youn nan kategori pou andikap sou Lwa Edikasyon Pou Endividé ki gen Andikap (IDEA) AK, akòz enfimite an, li bezwen yon ansèyman ki fèt espesyalman pou li. Se pa tout elèv yo ki gen yon dyagnostik medikal oswa psikolojik, ki bezwen sèvis edikasyon espesyal yo. Pou enfòmasyon sou IDEA nan kategori enfimite ak kritè ki gen elijibilite, vizite Biwo Edikasyon Eksepsyonèl la ak sit entènèt pou Sèvis Elèv yo nan <http://www.fl doe.org/academics/exceptional-student-edu/ese-eligibility/>.